



PALM BEACH COUNTY FIRE RESCUE
Obligasyon Vijilans Ensandi
405 Pike Road, West Palm Beach, FL 33411
FIRE-Marshal@pbcgov.org



Enfòmasyon ki bay nan dokiman sa a defini kisa Vijilans Ensandi ye, obligasyon sou aksyon, ak responsabilite aksyon sa yo.

Yon vijilans ensandi se aksyon yon moun nan yon sit ki dezinye pa mèt pwopriyete a oswa yon ajan ki reponn a aprobasyon Chèf Ponpye a. Moun sa gen pou responsabilite pou li siveye pwopriyete a kontinyèlman kont ensandi, fè prevansyon ensandi, avèti moun ki nan pwopriyet a ak depatman ponpye a si gen yon dife, epi itilize yon ekstenktè dife pou etenn ti dife.

Daprè Kòd Prevansyon Ensandi nan Florid, otorite ki gen jiridikson "AHJ" oswa Chèf Ponpye a, dwe gen otorite pou oblige aprobasyon Vijilans Ensandi lè gen danje potansyèl oswa lè sikirite sou lavi diminye selon sa ki swiv yo:

- a. Yon sistèm pwoteksyon ensandi ki obligatwa ki echwe
- b. Yon pwoblèm nan yon karakteristik pwoteksyon ensandi
- c. Anpil deklanchman ki fèt pa aksidan/ alam k ap nwi
 - Yon alam k ap nwi defini kòm "nenpòt alam ki lakòz echèk mekanik, move fonksyònman, enstalasyon ki pa kòrèk, mank antretyen, oswa nenpòt alam ki aktive pa yon kòz ki paka detèmine
- d. Yon sistèm pwoteksyon ensandi ki obligatwa ki gen pwoblèm oswa yon mòd siveyans pou plis ke kat èdtan
- e. Aktivasyon yon sistèm pwoteksyon ki obligatwa ki bezwen ranje
- f. Yon sistèm pwoteksyon ensandi obligatwa ki retire san otorizasyon ak pèmisyon

For more information on Fire Safety click here

CRRD

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW



PALM BEACH COUNTY FIRE RESCUE
Obligasyon Vijilans Ensandi
405 Pike Road, West Palm Beach, FL 33411
FIRE-Marshal@pbcgov.org



Moun ki dezinye a (yo) kòm vijilan ensandi a dwe reponn a lòd Chèf Ponpye a nenpòt ki moman, dwe idantifye e rete nan sèvis selon obligasyon Chèf Ponpye a. Moun ki dezinye kòm vijilan ensandi a (yo) pa dwe gen lòt responsabilite ke vijilans ensandi. Tach moun sa a oswa moun sa yo nan domèn sa, gen pou fonksyon pou avèti depatman ponpye a, moun ki nan biling yo, oswa tou lè de lè gen yon ijans. De plis, li dwe anpeche yon dife rive, etenn yon dife ki piti, oswa pwoteje piblik la kont ensandi oswa danje sou lavi.

Objektif moun ki dezinye kòm vijilan ensandi a se pou

- a. Fè patwòl peryodik sou tout pwopriyete a (chak 15 minit pou rezidans ak asanble ak 30 minit pou tout lòt lokal).
- b. Kenbe dosye vijilans ensandi (attachman 2) nan tout aktivite vijilans ensandi ki dwe voye pa email chak jou a Fire-Marshal@pbcgov.org
- c. Idantifye nenpòt ensandi, danje sou lavi ak pwopriyete e rapòte yo lè nan kontakte 9-1-1, repòte tip ijans la ak ki kote li ye.
- d. Pou tout pwopriyete ki okipe. Pèsonèl vijilans ensandi a dwe notifye tout okipan yo pou evake. Si sirèn yo oswa adrès sistèm piblik la operasyonèl, itilize yo pou asiste ak evakyasyon.
- e. Detèmine omwens yon fason pou gen komunikasyon dirèk ak depatman ponpye a. Yon telefòn fiks oswa telefòn selilè akseptab.
- f. Dwe kapab e konnen kòman pou itilize yon ekipman ekstenktè dife ki sou sit la ak lòt sistèm espesifik pwoteksyon ensandi nan lòt zòn.

For more information on Fire Safety click here

CRRD

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW



PALM BEACH COUNTY FIRE RESCUE Obligasyon Vijilans Ensandi

405 Pike Road, West Palm Beach, FL 33411
FIRE-Marshal@pbcgov.org



Mèt pwopriyete a responsab pou bagay sa yo:

- a. Tout kou ki asosye ak Vijilans Ensandi.
- b. Anboche/ dezinye yon pèsonèl ki apwouve pa Chèf Ponpye a.
- c. Asire ke tout dosye Vijilans Ensandi konsève e voye nan biwo Chèf Ponpye a.
- d. Fè kontra avèk kontraktè sètifye pou reparé oswa ranplase nenpòt ekipman oswa sistèm ki te lakòz vijilans ensandi a.
- e. Asire ke plan obligatwa ak aplikasyon ki apwouve yo soumèt avan ranplasman systèm ki pa reparab/ andomaje.
- f. Bay Chèf Ponpye a resi/prèv reparasyon ak demand pou arè Vijilans Ensandi a.

Arè Vijilans Ensandi. Lè yo fini tout reparasyon yo, mèt kay la oswa reprezantan yo dwe kontakte biwo Chèf Ponpye a pou mande tèminezon Vijilans Ensandi a. Diran enspeksyon pwopriyete a ak lè tout dokiman obligatwa yo recevwa, Chèf Ponpye a dwe bay detèminasyon final sou tèminezon Vijilans Ensandi a oswa kontinyasyon li.

For more information on Fire Safety click here

CRRD

EXCELLENCE TODAY



IMPROVING TOMORROW